

Бергьенлъиялъул байрамгун!

# Гумбет


Гумбет районалъул газета

№ 18 (6854) 9 май 2023 с. Талат Шаввал 1444 с. Багьа - эркенаб


БАРКИ

## Баркула КIудияб Бергьенлъиялъ 78 сон тIубай

**ХIурматиял районцоял! Гьале, тIаде щвана, Советияб халкъалъ КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубаялъул байрам. Дунялалъулго цебетIураб инсаниятаlъ жакъа кIодо гьабулеб буго Бергьенлъиялъул къо – гитлерилаб фашизм щущахъ биххизабураб къо. РекIелъ чIухIигун, рохалилаб асаргун дандчIвай гьабула гьеб байрамалда щибаб соналъ.**

Тушманасда тIад бергьенлъи босизелъун, рухIалда барахщичIого рагъана кьалул авлахъазда Бакълъулазул районалдаса нус-нус рагъухъан. 1380 рагъухъанасдасан 866 чияс кьуна жидерго хIасратаб рухI КIудияб Бергьенлъиялъе гIоло, кор боркьараб рагъул байдабазда хутIана гьел. ТIад руссаразулги цониги чи хутIун гьечIо районалда. Сонал анагIан мигьлъана нилъер бахIарчиял рагъул ветераназ исана байрамалъул къо баркизе цониги чи хутIун гьечIо гьезул.

Нилъеца кIудияб пашманлъигун ракIалде щвезарула рагъда хваралги, араб бакI лъачIого тIагIаралги, рокъоре тIад руссун хадур абадияб рокъоре аралги. Эркенлъиялъе ва ВатIаналъул чияда бачIолъиялъе гIоло рагъаразе даимаб рецц. КигIан сонал сверaниги, заман аниги, нилъеда, нилъер наслабазда кIочене бегьуларо рагъухъаби, гьез гьарурал бахIарчиял ишал, ракьалда рекъел букIинабизе гьез бахъараб хIаракат.

ХIурматиял районцоял! Баркула киназдаго КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубай. Гьарула киназего щулияб сахлъи, талихI-рохел, гьабулеб хIалтIулъ икъбал!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**Гъалип Гъалипов**

ХЪАХIАЛ КЪУНКЪРАБИ

## ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго, ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро



**НОМЕРАЛДА РУГО:**



**Къурбан Мурадовасул ва АхIмад МухIамадовасул цIарал школазе кьуна**

- 2 гьум.



**Бакълъулазул предпринимателал дандчIвана республикаялъул идарабазул вакилзабигун**

- 2 гьум.



**Фашизмалдаса дунял эркен гьабуразул хIурматалда спортивиял къецал гIуцIана**

- 2- гьум.



**МелъелтIаса ХIажимурад Насрулаевасул чIел**

- 3- гьум.

БЕРГЬЕНЛЪИ ГIАГАР ГЬАБУРАЛ

## ЛъаратIаса Темирхан Нуцалханов

**Доб букIана 1942-абилеб сон. Жеги михъида хIур чIвачIев Темирхан Нуцалханов намус-яхIалъ ва тушманасдехун бугеб рокьукълъиялъ ахIулев вукIана ВатIан цIунулезул кьеразулъе. Гьеб заманалда фронталъул цебесеб кьерда вукIана вагъулев гьесул кIудияв вацги. ГIумруялъул бухIи цIорой жеги бичIчIуларев гIолиласул аслияб мурад букIун батизе ккола, кIудияв вацасул хьолбохъ чIун, тушманасдаса рецIел боси.**



Буйнакскалъул педучилищеялда цIалула вукIарав, ЛъаратIаса Темирхан Нуцалханов, гIумруялъул 14 сон гурони букIинчIев чи, уна рагъулаб комиссариаталде ва гьарула жив фронталде витIейилан.

- Мун жеги гьитIинго вуго, - ян нахъ чIвала гьев. ЦIакъ рекIее гIоларо гIолиласе гьеб жаваб. ЦIодорав ва гIадатияб гуреб иш гьабун бажарулев Темирхан гIагараб росдал Советалде гIедегIана. Жиндирго цебе лъураб масъала тIубазабизе хIаракат бахъана гьес ва балагьана 2 соналъ кIодо гьавураб документ. ЦIидасан вачIана рагъулаб комиссариаталде.

Гьев витIана рагъулаб хъулухъ гьабизе Армениялъулгун Турциялъул гIорхъоде. Ковель шагьаралда аскIоб тIоцебе гIахьаллъи гьабуна рагъулал ишазулъ. Гьелъухъ Темирхание щвана Верховный Главнокомандованиялъул грамота. ГIахьаллъи гьабуна Висла гIор бахунаго ккараб рагъалъулъ. Гьениб гьесие щвана ВатIанияб рагъул кIиабилеб даражаялъул орден. Шагьаралги улкабиги фашистаздаса эркен гьарулаго, гьев Берлиналде щвезегIан ана.

Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ Темирхание щвана I ва II даражаялъул «Реццал» орденал, «БахIарчилъиялъе гIоло» медаль ва цогидал шапакъатал. 2009-абилеб соналъ, Аллагьасул къадар ккун, нилъедаса ватIалъана Темирхан Нуцалханов. Аллагьас ахират лъикIаб кьун батаги.

**«Гумбет» РИО**

## ЧIиркъатIаса ГIабдулкарим ГIусманов

**ГIабдулкарим ГIусманов гьавуна 1926 соналъ ЧIиркъатIа росулъ. Росада цебесан Буйнакск шагьаралде унеб нух букIиналъ, гьитIинав гIолиласда щибаб кьойил рихьулаан КIудияб ВатIанияб рагъде унел гIолохъаби. ГIусманов цIалулев вукIана ЧIиркъатIа анкьгосонил школалда. Гьесулги гьира букIана ВатIан цIунизе рагъде ине, амма сонал гIун гьечIолъиялъ виччалев вукIинчIо.**

Чанго нухалъ хIалбихьана рагъде унезул къокъаялда гьорлъе лъугьине, рагъухъаби нухарегIулел военкоматалъул хIалтIухъабазин абуни гьев рокьове витIулев вукIана. Гьезул цояс ГIабдулкаримида малъана Гумбет районалъул военкоматалде гIарзагун аян ва ВатIан цIунизе дуего бокьун унев вугин абеян.

Хадусеб къоялъул радалго къватIиве вахъарав ГIабдулкарим, 36 км. мугIрузул захIматал сухъмахъ нухалги нахъа тун, лъелго щвана МелъелтIе къаси кватIараб гIужалъ. 1943 соналъул 22 марталда тIубана ГIусмановасул мурад ва гьев ана рагъде ритIулезул къокъагун МахIачхъалаялде.

Рагъде ине гIечIев гьитIинав гIолохъанчи Грузиялъул Гори шагьаралда ругьун гьавуна рагъулаб ишалъе. Гьесда цадахъ рукIана МелъелтIаса СагIидбег ГIабдулахIидов, КъурбанхIажи ГIумаров, ХIабиб Бекмирзаев, ЛъаратIаса Гъули ХIарисеев,ХIажи Гебеков ва цогидалги. Рагъулаб ишалъе ругьунлъун хадур гьел рахъ-рахъалде рикьана.

ГIабдулкаримида цадахъ хутIана Гъули ХIарисеев. 1943 соналъул августалда ГIабдулкарим рагъулаб хъулухъ тIубазе ккана генерал И. Х. Баграмяница нухмалъи гьабулеб 11 аб. армиялъул 31 аб. гвардиялъулаб дивизиялъул 95 аб. полкалде ва тIоцеве рагъулаб лъадари щвана Киев эркен гьабиялъе гIоло рагъулъ.

Хадур рукIана Белая Церковь, Каменец – Подольск, Житомир ва цогидалги бакIал эркен гьариялъе гIоло рахIму гьечIел рагъал. Житомиралъе гIоло рагъда лъукъана ГIабдулкарим. Псков шагьаралда госпиталалда 20 къоялъги вегун, сахлъаравго цIидасан рагъде ана. Живго гьорлъ вукIараб рагъулаб часть балагьизе лъугьин гIададисеб ишлъун ккана ва гьев Белоруссиялъул лъабабилеб фронталда гьорлъе вачIун, тушманасда тIад бергьенлъи щвеялъе гIоло бахIарчилъиялда вагъана.

ГIабдулкарим гIахьаллъана Белоруссиялъул, Украиналъул, Латвиялъул, Литвалъул, Бакъбаккул Пруссиялъул шагьаралги росабиги фашистаздаса эркен гьариялъе гIоло корборкьарал рагъазда.

**«Гумбет» РИО**

БЕРГЬЕНЛЪИ ГIАГАР ГЬАБУРАЛ

## МелъелтIаса Ахкубег Камалудинов

**ГIумрудул 15 сон гурони гьечIев чи, 18 сон бугилан гIарзаги кьун, Германиялъул хъамалчагIаздаса ВатIан цIунизе 1943-абилеб соналда рагъде ана МелъелтIаса Ахкубег Камалудинов. ТIоцеве гьев ккола Ереваналде . Гьениб гIемер заман бачIого витIула рагъде. 1944-абилеб соналда Ахкубег лъукъула ва госпиталалде ккола.**



Сахлъун хадув гьев ккола Белоруссиялъул 2-абилеб фронталде. ГIахьаллъи гьабуна Польша, Бакъбаккул Пруссия ва Балтийское ралъдал рагIалда бугеб Гданск шагьар фашистаздаса эркен гьариялъул рагъазда.

Рагъдаса тIадвуссун хадув Ахкубег 45 соналъ хIалтIана мугIалимлъун МелъелтIа, Цилик, ГIаркьухъ школазда. ВукIана гIолилазул лъикIав насихIатчилъун. КIудияб ВатIанияб рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло Камалудинов мустахIикълъана пачалихъалъул шапакъатазе. Аллагьас алжан насиб гьабеги.

## Данухъа Чончалав Дибиров

**Халатаб ва захIматаб фронталъулаб нухги нахъа тун, аза-азар дагъистаниялги щвана Европаялъул централде. Гьез жигараб гIахьаллъи гьабуна Германиялъул тахшагьар – Берлин эркен гьабиялъул тарихияб рагъулъ. Гьенир рагъаразда гьоркьов вукIана лъабабилеб даражаялъул Реццалъул орден щварав Данухъа Чончалав Дибировги.**



Байбихьул классалъул мугIалимзаби хIадурулеб лъагIалил курсалги лъугIун, гьев хIалтIулев вукIана Хунзахъ. Жиндиего бокьун ана рагъде. Фронталда бищун захIмалъаби дандчIвараб 1942-абилеб соналъул марталда, Бакуялда 2 моцIил полкалъулаб школаги лъугIизабун, гьев ана Поволжьялде, Саранскалде ва гь. ц. бакIазде.

Берлин эркен гьабиялъул рагъдаги гьес къохIехьей, бахIарчилъи бихьизабуна. Щвана бихьинчилъиялъе гIоло, Берлин эркен гьабиялъе гIоло шапакъатал, гьединго Главнокомандующиясул баркалаялъул кагъат.

**МухIамадмансур МухIамадмансуровасул «Данухъ» абураб тIехьалдаса**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

**РЕШЕНИЕ №2**

**от « 10» апреля 2023 г.** **с. Гадари**

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета СП «Село Гадари» за 2022 год**

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного само-управления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Гадари» послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО СП «Село Гадари» за 2022 год Собрание депутатов:**

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО СП «Село Гадари» Гумбетовского района за 2022 год:

- по доходам в сумме 1918,1 тыс. рублей согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 1938,9 тысяча рублей согласно приложе-нию №2 к настоящему решению

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и под-лежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Гадари» М.М Магомедов**

**Приложение №1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари» от 10 апреля 2023 г. №2**

**Доходы бюджета сельского поселения «Село Гадари» за 2022 год**

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2022 год | Фактически испол-нено за 2022 г. | % испол нения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 1,0 | 1,7 | 170,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 2 | 2,2 | 110,0 |
| Пения на налог на имущество физич. лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 29,0 | 1 | 3,4 |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |

(Продолжение - на 4 стр.)

# Особый противопожарный режим

**С 1 мая в Республике Дагестан вводится особый противопожарный режим.**

Соответствующее постановление о введении режима 27 апреля подписал Председатель Правительства Дагестана Абдулмуслим Абдулмуслимов.

Особый противопожарный режим вводится в целях недопущения возникновения пожаров, их распространения на значительной площади, снижения угрозы травмирования и гибели людей, а также минимизации последствий пожаров в период жаркой, сухой и ветреной погоды.

На период действия особого противопожарного режима вводятся дополнительные требования и меры пожарной безопасности.

Согласно постановлению, республиканским органам исполнительной власти, органам местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан, организациям, руководителям организаций отдыха детей и их оздоровления, садоводческих и огороднических товариществ, иным юридическим и физическим лицам на период действия особого противопожарного режима запрещено разведение костров, сжигание твердых бытовых отходов, мусора, выжигание травы, а также проведение иных пожароопасных работ на территориях садоводческих и огороднических товариществ, организаций отдыха детей и их оздоровления, на землях лесного фонда, населенных пунктов и прилегающих территориях, в том числе на земельных участках, непосредственно примыкающих к лесам, к землям сельскохозяйственного назначения, к защитным и озеленительным лесным кустарниковым насаждениям. Также запрещено проведение пожароопасных работ, в том числе проведение сельскохозяйственных палов, сжигание стерни, пожнивных остатков, мусора и разведение костров на полях. Запрещено использовать противопожарные расстояния между зданиями, сооружениями и строениями для складирования материалов, оборудования, тары, оборудования, тары, мусора, травы и иных отходов, для разведения костров, приготовления пищи с применением открытого огня (мангалов, жаровен и др.) и сжигания отходов и тары.

(Постановление размещено на официальном сайте ГУ МЧС России по РД в разделе «Пожароопасный период» (нормативно-правовые акты))

Отдел надзорной деятельности и профилактической работы по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам напоминает: в случае обнаружения и возникновения пожара необходимо незамедлительно звонить по единому номеру вызова экстренных служб - «112».

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# РакIбацIцIадаб хIалтIухъ баркала

**РакI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго травмотолог, ортопедиябгун травмотологияб ГБУялъул**





**бетIерав тохтурасул заместитель, Бакълъул районалъул Кунзахъ росулъа АсхIаб СайгидгIалиевичасе дир эбел Алипатие захIматаб операция лъикI гьабизе бахъараб хIаракаталъухъ.**

ХIурматияв АсхIаб СайгидгIалиевич, ЛъаратIа росулъа ГIумардибировазул хъизаналъ гьарула дуе сундулъго икъбал, жеги махщел камиллъаги, гIумру халалъаги!

**МухIамад ГIумардибиров**

(Начало - на 3 стр.)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Неналоговые доходы | | | | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 32,0 | 4,9 | 15,3 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 1838,9,0 | 1913,9 | 103,4 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120215001100000150 | 1180,0 | 1078,0 | 91,4 |
| Субсидии в.т числе | | 400,0 | 400,0 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования | 00120220041100000150 | 400,0 | 400,0 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120240014100000150 | 165,0 | 330,0 | 200,0 |
| Субвенции | | 93,9 | 93,9 | 100,0 |
| | в том числе | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120235118100000150 | 93,9 | 93,9 | 100,0 |
| Возврат излишне взысканных налогов | 00120805000100000150 | | 11,3 | |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **1870,9** | **1918,1** | **102,5** |

**Приложение №2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения**
**«Село Гадари» от 10 апреля 2023 г. №2**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Гадари» за 2022 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджет -ных обяза-тельств на 2022 г. | Кассовые выплаты за 2022 г. | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 2044,9 | 1938,9 | 94,8 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | 9900010040 | 1347,0 | 1268,0 | 94,1 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1347,0 | 1268,0 | 94,1 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | 9980051180 | 93,9 | 93,9 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 93,9 | 93,9 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | 9900040200 | 445,0 | 444,0 | 99,8 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 445,0 | 444,0 | 99,8 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | 9900040010 | 144,0 | 133,0 | 92,4 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 144,0 | 133,0 | 92,4 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 5,0 | | |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 10,0 | | |

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр TIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.